

# City View

IVÈ 2020 -21



Foto: Kyle Klein Photography


## Konsèy pou Selebri yon Sezon Fèt an Sante

### COVID-19 toujou la.

*Pou anpeche pwopagasyon, sonje fondamantal yo:*



Mete yon mask oswa yon pwoteksyon pou figi w.



Pratike distans sosyal.



Lave men w pandan 20 segonn.

**Byen pran swen tèt ou, Cambridge!**

Avèk sezon fèt fen ane a ki rive sou nou, men kèlke konsèy ki soti nan Depatman Sante Piblik Cambridge ak Depatman Sante Piblik Massachusetts ou kòman pou ralanti pwopagasyon COVID-19 epi pwoteje tèt ou ak moun ou renmen yo. Pandan ke oumenm ak fanmi w ap planifye pou selebrasyon fen ane yo, tanpri anvizaje prekosyon sa yo kont pandemi a:

- **Pwograme yon piki kont grip (vaksen).** Menm lè yo toujou rekòmande yon vaksen kont grip, ane sa a li espesyalman pi enpòtan. Limite pwopagasyon grip pral limite bezwen randevou medikal ak ospitalizasyon ki gen rapò ak grip, sa k ap libere resous pou ede lòt moun ki gen COVID-19. Ou ka pran yon randevou pou yon piki grip swa ak founisè swen sante w oswa nan yon famasi lokal.

- **Moun ki genyen oswa ki ekspozè ak COVID-19 oswa ki genyen sentòm COVID-19, ta dwe rete lakay.** Yo PA dwe asiste rasanbleman an pèsòn.
- **Vwayaj fèt fen ane yo ogmante chans pou moun pran ak pwopaje kowonaviris.** Menm lè li difisil epi se yon desizyon pèsònèl, rete lakay epi evite vwayaje se meye fason pou pwoteje tèt ou ak lòt moun.
- **Si w planifye pou vwayaje,** konsidere kantite ak kwasans ka COVID-19 yo nan zòn ou swete vizite a. Si w ap vwayaje nan yon lòt eta, revize lòd vwayaj eta sa a ansanm ak egzijans Massachusetts fè lè w retounen.

Kontinye nan Paj 2

## Mesaj Administratè Vil la



Moman yo difisil, epi mwen fyè anpil de repons kominote yo anpil anpil pandan pandemi ki san presedan sa a. Obeyisans ou ak konsèy sante piblik yo te responsab dirèkteman lefèt ke Cambridge te genyen nivo pozitif ki pi fèb nan Commonwealth pandan ete rive nan otòn. Mwen pa ka mete aksan ase sou enpòtan pou mete pwoteksyon pou figi pandan w nan piblik, pratike distans sosyal, epi lave oswa pase dezanfektan nan men w souvan. Aksyon senp sa yo se pati esansyèl estrateji pou ede ralanti pwopagasyon COVID-19 jiskaske gen yon vaksen oswa tretman disponib.

Mwen vle remèsye Depatman Sante Piblik nou an, Panèl Konsèy Ekspè COVID-19 Vil la, ak tout anplwaye Vil la ki t ap travay sou repons Cambridge a pandemi a. Epi mwen rekonesan pou Majistra a ak Komisyon Vil la pou efò, pledwaye, ak kolaborasyon atravè pandemi sa a.

N ap kontinye fokalize sou inisyativ pou sipòte endividi, fanmi, ak ti biznis k ap fè sa ak difikilte finansye pandan y ap bay tès COVID-19 gratis, pandan y ap sipòte rezidan ki nan sitiyoasyon sanzabri, epi pwoteje sekirite travayè ak rezidan yo.

Mwen apresye tout sa ki te fèt deja pandan dènye mwa yo pou prezève lojman pou lokatè

Kontinye nan Paj 2



**Moratoryòm Ekspilsyon ak Pwoteksyon Lokatè**  
Paj 2



**Biznis Vil ak Lokal Kolabore nan Espas Deyò Pandan Ivè sa a**  
Paj 3



**Konsèy ak rapèl Ivè**  
Paj 4-5



رسالة مدير المدينة

نمّر حالياً بأوقات مليئة بالتحديات، وأنا غير المسبوق. لقد كان لامتناهك لإرشاد الحالات الإيجابية في كامبريدج من بين وحتى الخريف. لا يسعني التأكيد بما فيه الأماكن العامة، والحرص على التباعد

**Mesaj Administratè Vil la Tradui nan Plizyè Lang**  
Paj 5-7

## Moratwa Ekspilsyon ak Pwoteksyon Lokatè

Menm lè Moratwa Ekspilsyon Eta a te ekspire 17 oktòb 2020 Lòd Ijans Tanporè Vil Cambridge sou Aplikasyon Ekspilsyon ak Antre ki pa Esansyèl Mèt Pwopriyete ak Ajan Yo nan Apatman Lojman ki Okipe rete efektif jiska nouvèl òd. Lòd sa a ki te soti 3 avril 2020 epi ki te amande 23 jiyè 2020 entèdi mèt pwopriyete yo fè rekouvremant oswa aji sou egzeksyon posesyon apatman ki okipe ke yo resevwa nan tribinal nan yon ka ekspilsyon. Sa vle di ke yo pa ta dwe mete lokatè a deyò pa lafòs. Aprann plis sou [Cambridgema.gov/covid19](https://www.cambridgema.gov/covid19).



Anplis de sa, Vil la fèk aktive Dwa Lokatè ak Òdonans Resous 2020, Chapit 8.71 Kòd Minisipal Cambridge, sa kimande pou pwopriyete yo bay materyèl ke Vil Cambridge prepare ki genyen ladann enfòmasyon sou dwa ak resous fondamantal lokatè ak òganizasyon ki gendwa asiste lokatè yo. Òdonans lan mande pou pwopriyete oswa mèt yon sezi bay materyèl si genyen nenpòt avi pou kite oswa avi non renouvèlman oswa gen ekspirasyon. Aprann plis sou [Cambridgema.gov/tenantrights](https://www.cambridgema.gov/tenantrights).

Pou asistans ak pwoblèm lojman oswa referans pou sèvis anplis Vil la oswa kominote a, kontakte sant Milti Sèvis Vil la nan 617-349-6340 oswa Lyezon Lojman Vil la nan 617-349-6337 oswa [mpensak@cambridgema.gov](mailto:mpensak@cambridgema.gov).

**Mesaj Administratè Vil la** kontinye nan kouvèti

nan kominote nou yo. Malerezman, anpil lojman, kesyon ki gen pou wè ak lojman, ak difikilte ekonomik ki gen rapò ak COVID-19 p ap kapab rezoud totalman jiska fen pandemi a ak rekiperasyon ekonomik total. Enpak sa yo afekte alafwa pwopriyete ak lokatè yo.

Mwen vle raple nou Moratwa Vil la sou Aplikasyon Ekspilsyon ak Antre ki Pa Esansyèl ak Pwopriyete Kay ak Ajan yo nan Apatman Lojman ki okipe rete efektif, epi ke Òdonans Dwa ak Resous Lokatè 2020 Vil la egzije kounyea ke pwopriyete yo bay materyèl sou dwa fondamantal lokatè yo ansanm ak resous ki gen ladann yon lis òganizasyon ki gendwa asiste lokatè. Yo ofri plizyè pwogram asistans finansye atravè Vil la ak Eta a ki gendwa asiste lokatè nan anpeche oswa abòde kesyon reta lwaye. Pwogram sa yo ka ede Cambridge rete yon kominote estab, chaje enèji, epi divès.

M ap egzòte nou rete enfòm epi aprann sou pwogram nou yo ak repons k ap kontinye yo pandan n ap vizite [cambridgema.gov/COVID19](https://www.cambridgema.gov/COVID19).

*Louis Dubasquez*

**Konsèy pou Selebri yon Sezon Fèt an Sante** I ap kontinye nan kouvèti

- **Rasanble andedan genyen plis risk pase evènman deyò.** Gwo rasanbleman andedan kay genyen plis risk parapò ak sa ki genyen mwens moun yo, epi rasanbleman kout yo genyen mwens danje parapò ak sa ki pi long yo. Ou gendwa diminye risk yo pandan w ap limite rasanbleman andedan ak moun w ap viv menm kote avèk yo oswa yon ti gwoup ou an kontak regilyèman. Si envite vini, anvizaje ouvri fenèt pou amelyore vantilasyon, mete yon mask pandan w ap prepare oswa sèvi manje, epi ankouraje tout moun mete mask epi pratike distans sosyal. Pou plis konsèy, gade [Mass.gov/news/thanksgiving-during-covid-19](https://www.mass.gov/news/thanksgiving-during-covid-19).
- **Moun ki anba gwo risk pou malad grav akòz COVID-19,** genyen ladann granmoun aje ak moun ki genyen kondisyon medikal kwonik (eg. maladi kè, COPD, dyabèt), ta dwe ideyalman evite rasanbleman an pèsòn ak moun ki pa abite nan fwaye yo. Si yo chwazi reyini, endividi sa yo ta dwe chwazi yon anviwònman ki pa gen gwo risk.
- **Montre w kreyatif nan fason w ap prezève kèk nan tradisyon fèt fen ane w.** Fè resèt fanmi prefere w, fè yon "livrezon san kontak" friyandiz ki fèt lakay ou pou fanmi, zanmi, ak/oswa vwazen w yo, voye kado epi ouvri yo vityèlman ansanm. Dekore kay ou, patisipe nan seremoni relijye vityèl, gade fim sou fèt fen ane lakay ou, voye kat fen ane, epi fè yon gala vityèl se plizyè fason pou w selebre epi rete an sekirite pandan COVID-19.
- **Sonje pou w montre koutwazi ak pasyans.** Anpil moun santi fatig ak estrès akòz pandemi a k ap kontinye, men nou tout nan sa ananm epi yon ti jantiyès gendwa ale byen lwen.





Foto: Kyle Klein Photography

### Evite Aktivite Sa Yo

- Evite pataje manje ak bwason.
- Evite bay lanmi ak akolad. Fè babay epi salye moun yo vèbalman pito.
- Evite chante, danse, ak rele. Aktivite sa yo ogmante chans pou w enfekte ak COVID-19 ak goutlèt ke w ap rale nan lè a.

Sezon fèt fen ane a gendwa genyen estrès menm sa yon pandemi. Si w santi w dekouraje, pataje santiman w ak yon zanmi w fè konfyans oswa manm fanmi w. Si detrès gen enpak sou lavi chak jou w pandan plizyè jou oswa semèn, pale ak yon konsèyè, doktè, oswa manm fwa kominotè w.



## Biznis Vil ak Lokal Kolabore pou Dine Espas Deyò Pandan Ivè sa a

Pandan dènye kèlke semèn yo, anplwaye Vil la te travay nan fason rapwoche ak reprezantan asosyasyon biznis Cambridge epi restoran kominote lokal pou planifye sou sa yon eksperyans dine deyò ap sanble pandan mwa ivè yo. Sa genyen ladann planifye pou operasyon tan ivè epi kreye opòtinite pou fè eksperyans dine a san danje, konfòtab, epi agreyab nan nivo sa posib.

An oktòb, Vil la te anonse yon Pwogram Ranbousman Chofaj Pasyo pou ede konpanse depans anplis pou restoran ak pwolonje dine deyò

puiske l ap fè pi frèt. Nan kad nouvo pwogram nan, restoranyo pral resevwa yon ranbousman \$250.00 pa chofaj pasyo pòtatif pou rive jiska yon maksimòm senk chofaj pasyo pòtatif pa biznis.

Administratè Vil Cambridge la, Louis A. DePasquale te di: "Mwen vle remèsye depatman Vil la ak anplwaye yo, Konsèy Vil la, asosyasyon biznis lokal yo, ak tout restoran nouvo pou kolaborasyon ak travay di yo pou ede pwolonje sezon dine deyò a san danje pandan pandemi COVID-19," "Pwogram chofaj pasyo deyò a se youn pami plizyè inisyativ ke n ap travay pou ede restoran yo konpanse depans anplis epi pwolonje operasyon dine deyò yo."

Majistra Sumbul Siddiqui te di: "Nou dwe fè tout sa nou kapab pou ede restoran nou yo mitije operasyon depans pandan y ap kontinye ofri dine deyò pandan mwa ki pi frèt yo. "Mwen vle remèsye Vis Majistra Mallon pou lidèchip li epi paske li kontinye rete yon defansè solid pou biznis kominotè nou yo, epi Konsèy Vil la pou angajman yo pou asire ke ti biznis nou yo genyen sa yo bezwen pandan moman difisil sa yo."

Pou restoran ki swete fèmèn dine deyò yo pandan mwa ivè yo, Depatman Sikilasyon ak Paking pral kontinye ofri opòtinite pou bloke zòn paking yo pou a anpòte ak livrezon.

Rezidan yo gendwa tou kontinye sipòte restoran prefere lokal yo pandan y ap patisipe nan kanpay "Pick It Up, Cambridge" la. Kanpay sa a vize pou enfòmè kliyan yo ke yo ka ede restoran yo ekonomize jiska 25% pa kòmman lè yo rele yo dirèkteman epi yo pase pran kòmman yo. Ti etap senp sa a ka ede asire ke restoran yo resevwa tranzaksyon an nan totalite li. Chwazi oswa plase kòmman pou w pase pran nan aplikasyon livrezon ka koute restoran an yon bon pòsyon nan kòmman nan. Pou plis enfòmasyon oswa patisipe nan Pwogram Ranbousman Chofaj Pasyo a, kontakte Matt Nelson, Asistan Administratè Vil la nan 617-349-4266 oswa [mnelson@Cambridgema.gov](mailto:mnelson@Cambridgema.gov).

## Mizajou Resiklaj ak Dechè Lakou

Nan dat 2 novanm yon nouvo kontraktè te kòmanse ranmase resiklaj twotwa ak dechè lakou. Sèl chanjman ou ka swiv sè ke koleksyon an gendwa fèt kèlke èdetan pi bonè oswa pi ta nan jou koleksyon an. Annapre a nou sigjere meye pratik pou ede ajan sanite yo retire nan fason efikas dechè yo:

**Lè Y ap Ranmase:** Mete poubèl yo bò lari a apre 6è p.m. lanwit avan yo ranmase a, oswa rive 7è a.m. jou y ap ranmase a. Yo ranmase fatra yo apati 7è a.m. - 4è p.m. Si w te rate youn, tanpri rapòte sa apre 4è p.m. sou: [Cambridgema.gov/311](http://Cambridgema.gov/311). Charyo ak poubèl yo dwe kite bò lari a rive 6è p.m. jou y ap ranmase a.

**Katon:** Pliye katon yo pou ede jere li pi fasil. Si w genyen katon ki pa ka antre nan charyo a, mete li nan yon pi gwo bwat epi mete li akote charyo resiklaj la.

**Dechè Lakou:** Fèy ki rete nan lari yo ale nan sistèm drenaj lapli a. Yon fwa li nan sistèm drenaj la, fosfò ak nitrojèn nan libere pou polye Charles River oswa Alewife Brook. Ede nou kenbe lari nou yo ak riviye nou yo pwòp pandan w ap ranmase tout fèy, ak branch sou twotwa a, bò lari a ak nan lòt espas bò pwopriyete w la.

Aprann plis sou sa ki akseptab nan resiklaj, kòmande founiti resiklaj, oswa anrejistre nan bilten enfòmasyon Resiklaj la sou [Cambridgema.gov/recycle](http://Cambridgema.gov/recycle).

Telechaje aplikasyon "Zero Waste Cambridge" la oswa vizite [Cambridgema.gov/subscribe](http://Cambridgema.gov/subscribe) pou enskri nan ranmase chak semèn oswa rapèl pou netwaye lari.



# Konsèy ak Rapèl Tan Ivè

Ak sezon ivè a ki rive sou nou, tanpri revize rapèl itil sa yo pou rezidan ak mèt pwopriyete. Vil la pral trete tout ri majè yo ak pwodui chimik nan entèval twazèdtan avan nèt kòmmanse tonbe, sanble yo pandan tout etap tanpèt la, epi travay pou netwaye tout lari ak twotwa ki bò kote pwopriyete Vil la yon fwa tanpèt la pase. N ap kontinye evalye pwosesis pou retire nèt nan fason efikas nan mezi sa posib epi envesti nan nouvo ekipman ak tout estrateji ki bon pou anviwònman an pou rann twotwa ak lari Vil la san danje epi pasab pou tout itilizatè.



**Libere Twotwa yo  
pou Libere Pave a  
Omwen a  
3 Pye Lajè**



**Libere Basen  
Kaptaj yo Epi Ede  
Libere  
Pwen Ensandi yo**

## Kisa Ou Ka Fè

Ou ka ede tout kominote a pandan w ap libere twotwa, pwen ensandi, ak basen kaptaj yo ak glas epi nèt. Kòm rapèl, selon Òdonans Vil la:

- \* Mèt pwopriyete yo responsab pou retire nèt nan twotwa ki bò pwopriyete oswa biznis yo nan entèval 12 èdtan apre li fin sispann tonbe pandan jounen an, epi avan 1è p.m. lè li te tonbe pandan sware a. Espas ki dgaje sou twotwa a ta dwe 3-4 pye lajè, pou pèmèt chèz woulant ak pousèt pase. Mèt pwopriyete yo dwe degaje tou tout twotwa sou tout bò epi netwaye ranp nan pasaj pyeton yo.

- \* Retire oswa fonn tout glas nan entèval 6 èdtan parapò ak tan li fòmè a. Pele bonè epi souvan epi retire kantite nèt ak glas ou kapab nan mezi sa posib avan w rele yon ajan dejivrè. Sèvi ak yon pwodui dejivrè tankou asetat sodyòm, asetat potasyòm, oswa asetat kalsyòm manyezyòm olye de sèl paske eksès sèl gendwa pa bon pou plan, lavi sovaj, epi gendwa al tonbe nan kouran dlo lokal yo. Pou nèt mouye oswa lapli nèt ak lapli glas, aplike pwodui dejivrè avan li kòmmanse fè nèt pou anpeche glas la kole ak pave a. Si w pa la, se toujou responsablite w pou w asire ke yon moun ap degaje twotwa ak ranp ki tou pre pwopriyete w la. Amand w ap peye si w pa respekte òdonans pou w netwaye twotwa Vil la se \$50 pa jou.

### Pwogram Egzanpsyon Nèt ak Asistans Pele

Rezidan ki genyen salè fèb ki granmoun oswa ki genyen yon andikap gendwa kalifye pou Pwogram Egzanpsyon Nèt Vil la. Pou plis enfòmasyon, rele Konsèy Cambridge sou Vyeyisman, 617-349-6220 (vwa) oswa 617-349-6050 (TTY).

Si w pa kalifye, Konsèy sou Vyeyisman an ka ofri yon lis limite konpayi pwofesyonèl k ap retire nèt ak etidyan ki pral pele pou yon frè negosye.

## Rapòte Pwoblèm Gras ak COMMONWEALTH CONNECT



**Ou wè twotwa, vwa bisiklèt,  
oswa ri ki bezwen netwaye?**

**Rapòte yon pwoblèm pran sèlman yon  
minit epi l ap ede rann lari ak twotwa  
nou yo pi an sekirite.**

Telechaje aplikasyon gratis la pou iPhone oswa  
Android, oswa vizite:



**Cambridgema.gov/commonwealthconnect**  
pou rapòte sou entènèt.

# Mizajou sou Tanpèt ak Enfòmasyon Paking

## Vizite Sant Nèj Cambridge, [Cambridgema.gov/snow](http://Cambridgema.gov/snow)


Sant Nèj Vil Cambridge, [Cambridgema.gov/snow](http://Cambridgema.gov/snow), genyen ladann enfòmasyon ak mizajou sou restriksyon paking ijans nèj, paking altènativ ki pa nan lari a, ak kloti. Menm si pa genyen ijans nèj ki deklare, tanpri sonje konsèy jeneral sa yo pou pake nan lari:

- \* Pake a anviwon 20 pye parapò ak kwen lari yo yon fason pou traktè yo ka pouse nèj yo lwen pasaj pyeton yo. Pake lwen kwen yo amelyore vizibilite ak sekirite pandan tout ane a.
- \* Li ilegal pou sèvi ak yon objè pou w kenbe yon espas paking ki vid; ap retire objè ki nan espas paking nan lari a.



### Enskri pou Alèt Nèj

Enskri pou resevwa Entèdiksyon Paking Ijans Nèj pa telefòn, tèks, oswa imèl sou [Cambridgema.gov/subscribe](http://Cambridgema.gov/subscribe), oswa swiv nou sou Twitter ak [@CambMA](https://twitter.com/CambMA) ak sou Facebook pou mizajou. Vil la ap sèvi ak ach tag [#CambMASnow](https://twitter.com/CambMASnow) sou Twitter pou ede piblik la swiv konvèsasyon an.



## Mesaj Administratè Vil la nan paj 1 te tradui nan plizyè lang nan paj 5-7

### Mensaje del Jefe de Gobierno de la Ciudad

Panyòl

Estos son momentos difíciles, y me enorgullece mucho la respuesta de nuestra comunidad durante esta pandemia sin precedentes. Su cumplimiento de las recomendaciones de salud pública fueron directamente responsable para lograr que Cambridge tuviera uno de los resultados positivos más bajos del Commonwealth, durante todo el verano y en otoño. No puedo dejar de enfatizar suficientemente lo importante que es usar una mascarilla protectora cuando salgan de su casa, mantener el distanciamiento físico, y lavarse e sanitarse las manos con frecuencia. Estas acciones simples forman una parte fundamental de la estrategia para ayudar a detener la propagación de el COVID-19, hasta que haya una vacuna o un tratamiento disponible.

Quiero agradecerles a nuestro Departamento de Salud Pública (Public Health Department), al Grupo Consultivo de Expertos en COVID-19, y a todo el personal de la Ciudad que han estado trabajando para responder a la pandemia en Cambridge. Además, agradezco al Alcalde y al Ayuntamiento por los esfuerzos realizados, y por la defensa y la colaboración que han brindado durante esta pandemia.

Seguimos concentrándonos en las iniciativas para apoyar a los individuos, familias y empresas pequeñas que tienen dificultades financieras, y les proporcionamos pruebas gratuitas para detectar el COVID-19, ofrecemos apoyo a los residentes que no tienen vivienda y protegeremos la seguridad de los trabajadores y residentes.

Agradezco todo lo que se ha realizado en los últimos meses para

preservar las viviendas de los inquilinos de nuestra comunidad. Lamentablemente, muchas de las dificultades económicas, de vivienda y relacionadas con la vivienda, provocadas por el COVID-19 no desaparecerán por completo hasta que se termine la pandemia y haya una recuperación económica total. Esto afectara a los propietarios y a los inquilinos.

Quiero recordarles que continúa vigente la moratoria sobre la ejecución de desalojos y entrada, no esencial, por parte de propietarios y sus agentes, en unidades de alojamiento ocupadas (Moratorium on Eviction Enforcement and Non-Essential Entry by Property Owners and Their Agents into Occupied Dwelling Units) de la Ciudad. Además, la Ordenanza de 2020, sobre los derechos y recursos de los inquilinos de la ciudad ahora exige que los propietarios proporcionen material escrito sobre los derechos básicos de los inquilinos y recursos que incluyen una lista de organizaciones que pueden ayudarlos. La ciudad y el estado ofrecen varios programas de asistencia financiera que pueden ayudar a los inquilinos a prevenir o abordar atrasos de alquileres. Estos programas permiten que Cambridge siga siendo una comunidad estable, vibrante y diversa.

Les pido que se mantengan informado y conozcan nuestros programas y respuestas continua; para eso, visiten el sitio de web [Cambridgema.gov/ COVID19](http://Cambridgema.gov/COVID19).

Pòtigè

## Mensagem da Administração da Cidade

Estamos passando por um momento difícil e tenho muito orgulho da resposta de nossa comunidade nesta pandemia sem precedentes. A forma como você seguiu as orientações de saúde pública foi diretamente responsável por Cambridge ter uma das taxas de positividade mais baixas da Commonwealth durante o verão e o outono. É muito importante enfatizar a importância de usar máscara facial em público, praticar o distanciamento físico e lavar ou higienizar as mãos com frequência. Essas simples ações são uma parte essencial da estratégia para ajudar a diminuir a disseminação da COVID-19 até que uma vacina ou um tratamento esteja disponível.

Quero agradecer ao nosso Departamento de Saúde Pública, ao Grupo de Peritos da COVID-19 da cidade e a todos os funcionários da cidade que têm trabalhado na resposta à pandemia de Cambridge. E sou grato ao Prefeito e à Câmara Municipal por seus esforços, sensibilização e colaboração durante esta pandemia.

Continuamos com o foco em iniciativas de apoio a indivíduos, famílias e pequenas empresas que enfrentam dificuldades financeiras, fornecendo testes de COVID-19 gratuitos, apoiando

peessoas sem teto e protegendo a segurança dos trabalhadores e dos residentes.

Obrigado por tudo o que foi feito nos últimos meses para preservar as habitações dos residentes em nossa comunidade. Infelizmente, muitos desafios habitacionais e econômicos resultantes do COVID-19 não serão totalmente atenuados até o fim da pandemia, bem como uma recuperação econômica total. E esses impactos afetam proprietários e inquilinos.

Quero lembrar você de que a Moratória da Cidade sobre Execução de Despejo e a Entrada Não Essencial por Proprietários e seus Agentes em Unidades Habitacionais Ocupadas permanece em vigor e que a Portaria de Direitos e Recursos do Inquilino de 2020 agora exige que os proprietários forneçam materiais sobre os direitos básicos do inquilino, bem como recursos que incluem uma lista de organizações que podem ajudar os inquilinos. Vários programas de assistência financeira são oferecidos por meio municipais e estaduais que podem ajudar os inquilinos na prevenção ou no atraso de aluguéis. Esses programas podem ajudar Cambridge a continuar sendo uma comunidade estável, vibrante e diversa.

Recomendo que você se mantenha informado e conheça melhor nossos programas e resposta contínua visitando [Cambridgema.gov/COVID19](https://Cambridgema.gov/COVID19).

Arab

## رسالة مدير المدينة

نمرًا حاليًا بأوقاتٍ مليئة بالتحديات، وأنا فخور للغاية باستجابة مجتمعنا خلال هذا الوباء غير المسبوق. لقد كان لامتناهات الإرشادات الصحة العامة الفضل الأكبر في أن كان معدل الحالات الإيجابية في كامبريدج من بين أقل المعدلات في الكومنولث طوال فترة الصيف وحتى الخريف. لا يسعني التأكيد بما فيه الكفاية على أهمية ارتداء غطاء الوجه في الأماكن العامة، والحرص على التباعد الجسدي، وغسل اليدين أو تعقيمهما بشكل متكرر. تعتبر هذه الإجراءات البسيطة جزءًا مهمًا من الاستراتيجية المتبعة للمساعدة في إبطاء انتشار فيروس كورونا المستجد (COVID-19) إلى أن يتوفر لقاح أو علاج.

أود أن أتوجه بالشكر إلى قسم الصحة العامة لدينا، وفريق الخبراء الاستشاري المسؤول عن فيروس كورونا المستجد (COVID-19) في المدينة، وجميع موظفي المدينة الذين عملوا على دعم استجابة كامبريدج للوباء. كما أنني ممتن أيضاً للعمدة، ومجلس المدينة على جهودهم، ومناصرتهم لمجهوداتنا، وتعاونهم طوال فترة هذا الوباء.

نحن نواصل التركيز على المبادرات لدعم الأفراد، والأسر، والشركات الصغيرة التي تعاني من ضائقة مالية؛ وذلك من خلال توفير اختبار فيروس كورونا المستجد مجاناً، ودعم السكان الذين يعانون من التشرّد، وحماية سلامة العمال والمقيمين.

وإنني أفدّر كل ما تم القيام به في الأشهر الأخيرة لضمان توفير المسكن للمستأجرين في مجتمعنا. غير أنه، بكل أسف، لن يخفني الكثير من تبعات التحديات المتعلقة بالإسكان والتحديات الاقتصادية المتعلقة بالإسكان، أو الناتجة عن فيروس كورونا المستجد بصورة كاملة حتى نهاية الوباء وتحقيق الانتعاش الاقتصادي الكامل. وإن لهذه الآثار تبعاتها على كل من الملاك والمستأجرين على حد سواء.

أود أن أذكركم بأن قرار المدينة بشأن وقف تنفيذ الإخلاء والدخول غير الضروري من قبل مالكي العقارات ووكلائهم في الوحدات السكنية المأهولة لا يزال ساري المفعول، وأن قانون حقوق المستأجر والموارد لعام 2020 الخاص بالمدينة يتطلب الآن من أصحاب العقارات توفير مواد عن الحقوق الأساسية للمستأجر، فضلاً عن الموارد التي تشمل قائمة المنظمات والهيئات التي من شأنها أن تساعد المستأجرين. يتم تقديم العديد من برامج المساعدة المالية من خلال المدينة والولاية، والتي قد تساعد المستأجرين في منع أو معالجة متأخرات الإيجار. يمكن أن تساهم هذه البرامج في أن يظل مجتمع كامبريدج مستقرًا، وحيويًا، ومتنوعًا.

وإنني أوصيكم بشدة بالبقاء على اطلاع، والتعرّف على برامجنا، ودعم الاستجابة المستمرة من خلال الموقع الإلكتروني [Cambridgema.gov/COVID19](https://Cambridgema.gov/COVID19).

Kreyòl Ayisyen

## Mesaj Administratè Vil la

Moman yo difisil, epi mwen fyè de repons kominote yo anpil anpil pandan pandemi ke san presedan sa a. Obeyisans ou ak konsèy sante piblik yo te responsab dirèkteman lefèt ke Cambridge te genyen nivo pozitif ki pi fèb nan Commonwealth pandan ete rive nan otòn. Mwen pa ka mete aksan ase sou enpòtans pou mete pwoteksyon pou figi pandan w nan piblik, pratike distans sosyal, epi lave oswa pase dezenfektan nan men w souvan. Aksyon senp sa yo se pati esansyèl estrateji pou ede ralanti pwopagasyon COVID-19 jiskaske gen yon vaksen oswa tretman disponib.

Mwen vle remèsye Depatman Sante Piblik nou an, Panèl Konsèy Ekspè COVID-19 Vil la, ak tout anplwaye Vil la ki t ap travay sou repons Cambridge a pandemi a. Epi mwen rekonesan pou Majistra a ak Komisyon Vil la pou efò, pledwaye, ak kolaborasyon atravè pandemi sa a.

N ap kontinye fokalize sou inisyativ pou sipòte endividi, fanmi, ak ti biznis k ap fè fas ak difikilte finansye pandan y ap bay tès COVID-19 gratis, pandan y ap sipòte rezidan ki nan sitiasyon sanzabri, epi pwoteje sekirite travayè ak rezidan yo.

Mwen apresye tout sa ki te fèt deja pandan dènye mwa yo pou prezève lojman pou lokatè nan kominote nou yo. Malerezman, anpil lojman, kesyon ki gen pou wè ak lojman, ak difikilte ekonomik ki gen rapò ak COVID-19 p ap kapab rezoud totalman jiska fen pandemi a ak rekipasyon ekonomik total. Enpak sa yo afekte alafwa pwopriyete ak lokatè yo.

Mwen vle raple nou Moratwa Vil la sou Aplikasyon Ekspilasyon ak Antre ki Pa Esansyèl ak Pwopriyete Kay ak Ajan yo nan Apatman Lojman ki okipe rete efektif, epi ke Òdonans Dwa ak Resous Lokatè 2020 Vil la egzijè kounyea ke pwopriyete yo bay materyèl sou dwa fondamantal lokatè yo ansanm ak resous ki gen ladann yon lis òganizasyon ki gendwa asiste lokatè. Yo ofri plizyè pwogram asistans finansye atravè Vil la ak Eta a ki gendwa asiste lokatè nan anpeche oswa abòde kesyon reta lwaye. Pwogram sa yo ka ede Cambridge rete yon kominote estab, chaje enèji, epi divès.

M ap egzòte nou rete enfòm. epi aprann sou pwogram nou yo ak repons k ap kontinye yo pandan n ap vizite [Cambridgema.gov/COVID19](https://Cambridgema.gov/COVID19).

# የከተማ አስተዳዳሪው መልእክት

Amarik

እነዚህ ፈታኝ ጊዜዎች ናቸው። እናም ባልታሰበ ወረርሽኝ ወቅት በማሳበረሰባችን ምላሽ በጣም ኩራት ይሰማኛል። የህዝብ ጤና መመሪያን ማክበር ለከተማው ብቻ ብቻ የሌላውን የህዝብ ሥነ ስርዓት ደጋግቶ ወቅት ድረስ በበጋው ወቅት በሙሉ በከተማው ውስጥ ከሚቀመጡት በጣም ዝቅተኛ ገዢዎች መጠናቀቅ ውስጥ አንዱ ነው። ሰው በሚበዛበት ስፍራ የፊት መሸፈኛ መልበስ፣ አካላዊ ርቀትን መለማመድ፣ እንዲሁም አጭቃን በተደጋ ጋሚ መታጠብ ወይም በሰነድ ወይም በሰነድ ወይም በሰነድ መሆኑን በበቂ ሁኔታ አፅንዖት መስጠት አልቻልንም። ከትባት ወይም ህክምና አስኪገኝ ድረስ የ COVID-19 ስርጭትን ለመቀነስ እና ለመቆጣጠር የሚረዱ እነዚህ ቀላል እርምጃዎች የስትራቴጂው ወሳኝ አካል ናቸው።

የእኛን የህዝብ ጤና መመሪያ፣ የከተማውን የ COVID-19 ባለሙያ አማካሪ ፓኒል እና በከተማው የወረርሽኝ ምላሽ ላይ ሲሰሩ የሰነድ ህጉንም የከተማ ሰራተኞች ማመስገን አፈጻጸም። እናም ለከተማው እና ለከተማው ምክር ቤት በዚህ ሁሉ ወረርሽኝ ጊዜ ላይ ለራሳችን ተሟጋቾች እና ተብብር አመስጋኝ ነን።

የገንዘብ ችግር ያጋጠማቸው ግለሰቦች፣ ቤተሰቦች እና አነስተኛ ንግዶችን ለመደገፍ በሚደረጉ ጎብኝቶች ላይ ትኩረት ማድረጋችንን የምንቀ ጥል ሲሆን ይህም የሚከናወነው ነፃ የ COVID-19 ምርመራ በመስጠት፣ የቤት አጠቃቀም ያጋጠማቸውን ነጠባዎች በመደገፍ እና የሰራተኛ እና የነጠባ ምድቶችን ደህንነት በመጠበቅ ነው።

በአካባቢያችን ለሚኖሩ ተከራኝ መኖሪያ ቤቶችን ለማስጠበቅ በቅርብ ወራት የተደረገው ሁሉ አደጋ ተቃራኒ ነው። እንደ አለመታደል ሆኖ በ COVID-19 ምክንያት ብዙ መኖሪያ ቤቶች፣ ቤት-ነክ እና ኢኮኖሚያዊ ችግሮች ወረርሽኝ አስኪያቢዎች ድረስ እና ሙሉ የኢኮኖሚ ማገገም አስኪመጣ ድረስ ሙሉ በሙሉ አይወገዱም። እነዚህ ሁኔታዎች በባለቤቶች እና በተከራኝ ላይ ተጽዕኖ ያሳድራሉ።

በንብረቶች ባለቤቶች እና በተወካዮቻቸው በተያዙ መኖሪያ ቤቶች ውስጥ የከተማ ማስለቀቂያ ማስፈጸሚያ እና አስፈላጊ ያልሆነ የመግቢያ መተግበር ርዕይ በሥራ ላይ እንደሚሰጥ ለማስታወስ አፈጻጸም እናም የከተማው የ 2020 ተከራኝ መብቶች እና ግብዓቶች ድንጋጌ አሁን አከራኛ መሰረታዊ ተከራይ መብቶች ላይ ቁጥቆሶች እንዲሁም ተከራኝ ለረዱ የሚችሉ የድርጅቶችን ዝርዝር ያካተቱ ግብዓቶችን እንዲያቀርቡ ይጠይቃል። የቤት ኪራይ ውዝፍ አዳዎችን ለመከላከል ወይም ለመቀረፍ የሚረዱ በርካታ የገንዘብ ድጋፍ መርሃግብሮች በከተማው እና በክፍለ-ግዛቱ በኩል ለተከራኝ ላይ ይሰጣሉ። እነዚህ መርሃግብሮች ወይም ፅቅዶች ከምብራይ የተረጋጋ፣ ጎብኝ እና ብዙሃ ማህበረሰብ እንዲያዘዙ እንዲቀደ ሊያገዙ ይችላሉ።

በ [Cambridgema.gov/COVID19](http://Cambridgema.gov/COVID19) ላይ በመጫን መረጃዎቻቸውን እን ዲጠብቁ እና ስለ ፕሮግራሞቻችን እና ቀጣይነት ያለው ምላሽ እንዲሰጡ እንጠይቃለን።

## সটি মিয়ানজোররে বার্তা

Bangla

এটি কঠিন সময় এবং এই অতমিয়ারী অনিশ্চিততার সময়েও আমাদের কমউনিটির প্রতীকিত্বীয় আমি গর্বিত। জনস্বাস্থ্য নর্নিতশেকি আপনারা পালন করছেন সেই কারণে কমনওয়েলথের মধ্য গ্রীষ্ম ও শরতে কবেব্রিজ কম সংক্রমণ হাররে জায়গার মধ্য একটি। আমি জনসমক্ষে মুখ ঢাকা, শারীরিক দূরত্ববর্ধি মনে চলা এবং ঘনঘন আপনার হাত ধোয়া বা স্যানিটাইজ করার মতো বিষয়ে আরো জোর দিতে চাই। এইসব সহজ পদক্ষেপে হল কোনোটকি বা চকিৎসা না পাওয়া পর্যন্ত কভিডি-19 এর প্রসারকে মন্থর করতে সহায়তা করার কৌশলের একটি গুরুত্বপূর্ণ অংশ।

আমি আমাদের জনস্বাস্থ্য বিভাগ, সটির কভিডি-19 এক্সপার্ট অ্যাডভাইজরি প্যানলে এবং কমেব্রিজের অতমিয়ারী মোকাবলো নিয়ে কাজ করা সমস্ত সটি কর্মীদের ধন্যবাদ জানাতে চাই। এবং আমি এই অতমিয়ারী জুড়ে ময়ের এবং সটি কাউন্সিলের প্রচেষ্টা, ওকালতি এবং সহযোগিতার জন্য তাদের কাছ থেকে কৃতজ্ঞ।

আমরা ব্যক্তি, পরিবার এবং ক্ষুদ্র ব্যবসা যারা আর্থিক কষ্টের মুখোমুখি হয়েছে তাদেরকে নিখরচায় কভিডি-19 পরীক্ষার ব্যবস্থা করে, গৃহীনের শিকার হওয়া বাসিন্দাদের সহায়তা এবং কর্মী এবং আবাসিক সুরক্ষার জন্য আর্থিক উদ্যোগের দিকে মনোনিবেশ করা অব্যাহত রয়েছে।

আমি আমাদের কমউনিটির ভাড়াটদের জন্য আবাসন সংরক্ষণ করতে সাম্প্রতিক মাসে যা কিছু করা হয়েছে তার প্রশংসা করছি। দুভাগ্যক্রমে, অনেকে আবাসন, আবাসন সংক্রান্ত এবং কভিডি-19 এর ফলে হওয়া আর্থিক সমস্যা অতমিয়ারী শেষে না হওয়া পর্যন্ত এবং সম্পূর্ণ অর্থনৈতিক পুনরুদ্ধার না হওয়া অবধি সম্পূর্ণভাবে কমবে না। এর প্রভাব মালিক ও ভাড়াটে উভয়ের উপর পরছে।

আমি আপনাকে স্মরণ করিয়ে দিতে চাই যে সম্পত্তি মালিক ও তাদের এজেন্টদের দখলকৃত আবাসন ইউনিটিগুলিতে উচ্চদে করা এবং অপরহির্য প্রবশের উপর সটির মরোরটোরিয়াম কার্যকর রয়েছে এবং সটির 2020 টেনেয়ান্ট রাইটস অ্যান্ড রিসিওরস অধ্যাদেশ অনুসারে এখন বাড়িওয়ালাদের প্রাথমিক ভাড়াটের অধিকারের সামগ্রীর পাশাপাশি সংস্থান যখনই সেইসব সংস্থার একটি তালিকা থাকবে যারা ভাড়াটদের সাহায্য করতে পারে তা প্রদান করতে হবে। সটি ও স্টেটের মাধ্যমে বেশ কয়েকটি আর্থিক সহায়তা প্রকল্প দ্যো হয়েছে, যগুলো ভাড়াটদের ভাড়া বক্যো প্রতরোধে বা সমস্যা তুলে ধরতে সহায়তা করতে পারে। এই প্রকল্পগুলো কমেব্রিজকে একটি স্থতিশীল, প্রাণবন্ত এবং বৈচিত্র্যময় কমউনিটি হিসাবে থাকতে সহায়তা করে।

আমি আপনাকে [Cambridgema.gov/COVID19](http://Cambridgema.gov/COVID19)-এ গিয়ে আমাদের প্রকল্প ও বর্তমান পদক্ষেপে সম্প্রকাবে অবগত হতে ও জানতে অনুরোধ করছি।

## 城市经理的信

Chinwa

在这一充满挑战的时期，我为我们的社区在这一史无前例的大流行病中作出的反应感到无比自豪。你们对公共卫生指南的遵守，直接决定了剑桥市在整个夏季到秋季阶段成为全州阳性检测率最低的城市之一。我无论怎样强调在公共场合戴口罩、保持身体距离以及经常洗手或消毒的重要性都不为过。在获得疫苗或治疗方法之前，这些简单的行为是帮助减缓 COVID-19 传播战略至关重要的组成部分。


我要感谢我们的公共卫生部门、市 COVID-19 专家顾问团队以及一直致力于剑桥疫情应对工作的所有市工作人员。我感谢市长和市议会在这场疫情中所做的努力、宣传和协作。

我们持续专注于采取行动，为面临财务困难的个人、家庭和小型企业提供免费的 COVID-19 检测，支持无家可归的居民，并保护工人和居民的安全。

我非常感谢近几个月来为社区租户保留房屋所作的努力。不幸的是，在疫情结束和经济全面复苏之前，COVID-19 带来的许多住房、住房相关和经济挑战不会得到完全缓解。这对业主和租户都会有影响。

我想提醒你们，这个城市的暂停驱逐执法以及业主及其代理人非必要不得进入有人居住的住宅单位的法令仍然有效。本市 2020 年租户权利和资源条例现在要求房东提供有关基本租户权利的材料以及包括可能对租户有帮助的组织清单资源。市政府和州政府提供了多个财政援助项目，以帮助租户预防或解决租金拖欠问题。这些项目可以帮助剑桥市维持稳定、充满活力和多样化的社区。

希望你们关注最新信息，并且访问 [Cambridgema.gov/COVID19](http://Cambridgema.gov/COVID19)，了解我们的项目和正在进行的应对措施



Yon piblikasyon Biwo Administratè Vil la, Vil Cambridge  
795 Massachusetts Avenue • Cambridge, MA 02139  
617-349-4300 • [Cambridgema.gov](http://Cambridgema.gov)

[Cambridgema.gov](http://Cambridgema.gov) [@CambMA](https://twitter.com/CambMA)

Administratè Vil Louis A. DePasquale  
Administratè Vil Adjwen Lisa C. Peterson

#### Konsèy Vil Cambridge:

Majistra Sumbul Siddiqui  
Vis Majistra Alanna M. Mallon  
Konseye Dennis J. Carlone  
Konseye Marc C. McGovern  
Konseye Patricia M. Nolan  
Konseye E. Denise Simmons  
Konseye Jivan Sobrinho-Wheeler  
Konseye Timothy J. Toomey, Jr.  
Konseye Quinton Y. Zondervan

**ECRWSS**  
**Resident Postal Customer**  
**Cambridge, MA**

**PRETRIYE  
LAPÒS ESTANDA  
LAPÒS AMERIKEN  
PEYE  
Milford, CT  
Pèmi #7**

## Rapèl pou Ou Pran Piki Kont Grip

Granmoun ak timoun ki genyen sis mwa oswa plis ankouraje pou pran yon randevou pou yon piki kont grip (oswa vaksen kont grip) ane sa a. Pou moun ki pwograme yon piki kont grip, tanpri sonje ke gendwa genyen mezi sekirite ak sante ane sa a pou redui risk pou pran oswa transmèt COVID-19.

Yon piki anyèl kont grip se meyè fason pou ede pwoteje tèt ou kont gripepi ede redui risk maladi grip, ospitalizasyon, ak lanmò ki gen rapò ak grip. Resewwa yon piki kont grip pral ede kenbe w, moun ou renmen yo, ak vwazen w yo rete an sante, espesyalman sila ak maladi kwonik yo, anba pi gwo risk pou ni grip ak COVID-19.

Anpeche grip tradui ak mwens jou malad ak mwens vizit medikal ak ospitalizasyon pou maladi ki gen rapò ak grip, asire ke sant sante ak lopital yo pa twò chaje pandan pandemi ak sezon grip la.

Aprann plis sou [Cambridgema.gov/flu](http://Cambridgema.gov/flu).

## Tès COVID-19

Vil Cambridge ak Depatman Sante Piblik Cambridge ap ofri tès COVID-19 mobil gratis pou rezidan Cambridge. Idantifikasyon oswa nimewo Sekirite sosyal pa nesesè. Rezilta tès yo disponib nòmalman nan yon entèval de jou ouvrab sou pòtay rezilta an liy nan. Rezidan yo ap resewva yon notifikasyon pa imèl epi ka mande rezilta yo pa telefòn pandan randevou yo a.

**Pwograme yon Randevouan liy sou [Cambridgema.gov/testing](http://Cambridgema.gov/testing) oswa pandan w ap rele 617-349-9788**

Kontakte founisè swen sante w la si w panse w gendwa genyen COVID-19 Sentòm yo gendwa genyen fyèv, gòj fèmal, pa ka pran sant, tous, difikilte pou respire, kò fèmal, oswa frison. Founisè swen sante w ka ede w detèmine si yon tès apwopriye epi pwograme yon tès oswa refere w nan yon sant tès ki aksesib.

Pou plis enfòmasyon, ki genyen ladann lòt fason pou teste, sant tès COVID-19 nan Massachusetts, ak sèvis sante a distans pou rezidan ki vle yon evalyasyon rapid sentòm yo ak/oswa ki pa genyen asirans sante, vizite

[Cambridgema.gov/testing](http://Cambridgema.gov/testing).

**Rete enfòm. Enskri pou Mizajou Pa Imèl Chak jou nan [Cambridgema.gov/COVID19](http://Cambridgema.gov/COVID19)**